



**Department of
Education**

Chancellor Richard A. Carranza

Chè paran oswa responsab:

Pandan ane lekòl 2018-2019 la, pitit ou a te resevwa sèvis sante (tankou medikaman)oswa akomodasyon dapre Seksyon 504 Lwa sou Reyabilitasyon an. Depatman Edikasyon Vil Nouyòk(NYC Department of Education, NYCDOE) egzije yon nouvo **otorizasyon** pou sèvis chak ane lekòl. Nouvo otorizasyon an konfime pitit ou a toujou bezwen sèvis nan lekòl. Li asire tou pitit ou a resevwa sèvis ki apwopriye. Fòm MAF ki ajou yo ap di enfimiyè lekòl la si doktè w la fè chanjman ane pase nan medikaman oswa nan tretman pitit ou a. Enfimiyè lekòl la bezwen enfòmasyon sa yo pou li ka byen trete pitit ou a.

Plizyè paran fè orè egzamen medikal anyèl pitit yo nan moman sa a nan ane a. Nou ankouraje w prepare tou pou prepare tou pou ane lekòl k ap vini an. Nan pwochen vizit pitit ou a, mande doktè pitit ou a pou l ranpli fòm pou akomodasyon enpòtan nou voye ba w yo. Kole yon tifoto resan nan kwen goch anlè fòm preskripsyon medikaman an. Sa ap ede lekòl la idantifye pitit ou a pi byen.

Pou tout fòm MAF eksepte fòm MAF pou dyabèt:

- Si se avan dènye jou lekòl:
 - Remèt enfimiyè lekòl la fòm MAF yo.
 - Remèt kowòdonatè seksyon 504 lekòl la demand pou renouvèlman akomodasyon nan edikasyon yo. _____
- Pandan ete, voye fòm yo pa lapòs nan:

Nou rekòmande pou voye fòm ki fin ranpli yo nan dat 31 me 2019 pou pi ta pou asire pitit ou a pral resevwa sèvis ki apwouve nan kòmansman nouvo ane lekòl la.

Avèk senserite,